

WE ARE YOUR DOL



Department
of Labor

ENFÒMASYON POU TRAVAYÈ AGRIKÒL NAN ETA NOUYÒK

SÈVIS SANT KARYÈ ETA NOUYÒK:

- Si w pa yon travayè H-2A, nou ka ede w jwenn pwochen travay ou. Depatman Travay Eta New York (DOL) gen yon baz done ki gen konpayi k ap chèche travayè. Si w enskri nan Depatman Travay Eta Nouyòk, nou ka fè yon rechèch epi fè w konnen opòtinite travay nan Nouyòk, ak lòt eta yo.
- Lè w ale nan Sant Karyè Depatman Travay ou nan Eta Nouyòk, y ap ede w nan lang matènèl ou. Tanpri fè reprezantan an konnen ou vle sèvis nan lang matènèl ou, e y ap rele yon entèprèt. Si w pa jwenn èd nan lang matènèl ou, ou ka depoze yon plent.
- Ou ka jwenn òdinatè, aksè ak entènèt, enprimant, ak lòt zouti ki ka ede w nan rechèch travay ou nan biwo Sant Karyè lokal ou nan Eta Nouyòk. Ou ka patisipe tou nan atelye travay yo pou w aprann fason pou w mete cv w ajou oswa amelyore kapasite entèvyou yo. Nou ka ede w tou ak konsèy pou karyè ak opòtinite fòmasyon.
- Èske w te janm mande pou ki kalite travay yo plis ap chèche moun? Nan Eta Nouyòk, ou ka aprann enfòmasyon sou mache travay ki ka ede w decide si chanje travay bon pou ou.
- Tout sèvis ki dekri pi wo yo gratis.
- New York State Monitor Advocate asire l Sant Karyè yo ofri sèvis san patipri pou travayè agrikòl sezon migran yo. Si Sant Karyè Eta Nouyòk oswa anplwaye agrikòl yo pa bay sèvis travay w ap chèche a, tanpri depoze yon plent.

KONNEN DWA W YO:

- **Ou gen dwa konsènan lwa travay nan Eta Nouyòk kèlkeswa sityasyon imigrasyon w.**
- Farm Laborers Fair Labor Practices Act mande pou travayè agrikòl yo gen dwa pou yo resevwa pèman pou lè sipleman (yon fwa edmi montan nòminal ou a) si w travay plis pase 56 èdtan nan yon semèn; ou gen dwa pou w gen yon peryòd 24 èdtan nan repo chak semèn epi si ou pran desizyon pou w travay nan jou sa a, ou

gen dwa a pou w touche pou lè sipleman nan jou sa a, menm si ou pa travay plis pase 56 nan semèn nan.

- Lè w kòmanse travay, ou menm ak konpayi w ap travay la dwe siyen yon dokiman ki rele yon "avi pèman ak antant travay pou travayè agrikòl." Dokiman sa a gen enfòmasyon enpòtan ki gen ladan l montan yo peye w, ki kalite travay ou pral fè, deskripsyon avantaj yo bay ak enfòmasyon pou kontakte konpayi a ki gen ladan l non biznis la. Li enpòtan pou w kenbe dokiman sa a ki siyen yon kote ki an sekirite.
- Travayè agrikòl yo se travayè manyèl. Antanke yon travayè manyèl, yo ka peye w chak semèn oswa chak 14 jou si patwon an peye tout lè travay nan 14yèm jou sa a.
- Chak fwa ou resevwa salè w, ki ka yon chèk, lajan kach, oswa depo dirèk sou kont an bank ou, ou ta dwe resevwa yon fich pèman. Fich pèman w lan ta dwe gen non, adrès ak nimewo telefòn konpayi a; kantite lè travay, oswa inite ou pwodui; ak montan pèman w, ki gen ladan l pri pa èdtan, montan pa moso ak lè sipleman, ak tout dediksyon. **Kenbe fich pèman w yo yon kote ki an sekirite.**
- Chak travayè nan Nouyòk, kèlkeswa kondisyon imigrasyon yo, ta dwe touche pou tout lè travay yo. Sa ede w kenbe tras nan lè w yo chak jou ak chak semèn sou yon kalandriye pèsònèl. Apresa, konpare enfòmasyon sou fich pèman w lan ak lè ki sou kalandriye w la. Kenbe kalandriye a nan yon kote ki an sekirite.
- Konpayi nan Nouyòk yo dwe bay fòmasyon sou prevansyon tizonay seksyèl lè yo anboche w, epi apre sa, chak ane. Li dwe gen ladann règleman prevansyon konpayi a epi moun dwe ka patisipe.
- Konpayi agrikòl yo responsab pou bay travayè yo ak moun k ap jere bagay yo fòmasyon sou itilizasyon san danje pwodui chimik pou touye ensèk nuizib dapre Prensip Pwoteksyon Travayè (WPS). Prensip Pwoteksyon Travayè a se yon règleman federal ki fèt pou pwoteje anplwaye ki travay kote y ap sèvi ak pwodui chimik pou touye ensèk nuizib.

- Yo dwe bay anplwaye yo yon twalèt prive, ak papye twalèt, ak kote pou lave men, ak savon ak sèvyèt papye. Lè 5 oswa plis travayè agrikòl yo nan menm jaden an oswa menm kote, batiman yo dwe nan yon ka milyaj distans ak travayè yo. Konpayi a ka bay transpò tou pou ale nan yon twalèt ak kote pou lave men.
- Konpayi yo gen obligasyon pou yo bay dlo fre ak kèps yo ka jete nan jaden an.
- Lave men w anvan ak apre ou fin manje pou anpeche w vale pwodui chimik pou touye ensèk nuizib yo.

SANTE AK SEKIRITE W:

- Antanke yon travayè agrikòl, ou se yon travayè esansyèl nan Eta Nouyòk. Pwoteje tèt ou kont COVID-19 lè w mete yon mask konpayi a ba ou lè w nan mitan moun, menm nan travay ou.
- Lave men w souvan epi kenbe men ou lwen figi w.
- Dezenfekte kay ou oswa kote w travay souvan lè ou siye kote yo manyen souvan yo.
- Sentom moun plis genyen poun COVID-19 se lafyè, tous, ak difikilte pou respire. Pami lòt sentom yo, gen gòj fè mal, fatig, doulè nan chè ak doulè, ak mank apeti.
- Moun ki gen COVID-19 pa ta dwe travay.
- Fè konpayi w ap travay la konnen sa tousuit si ou menm oswa kòlèg travay ou santi nou malad.

TRAVAYÈ ETRANJE ENVITE H-2A:

- Travayè H-2A yo se travayè esansyèl tou. Travayè H-2A yo ta dwe byen gade kontra ETA790 a pou montan salè, lè yo gen pou yo travay, enfòmasyon sou lojman ak avantaj Nouyòk bay yo. Yo bay travayè Ameriken k ap fè menm travay ak travayè H-2A yo menm avantaj ak pèman sa yo.

- Depatman Travay Eta Nouyòk ak Depatman Sante Eta New York verifye lojman travayè agrikòl yo genyen nan kad manda travay H-2A yo. Lojman travayè agrikòl yo verifye ta dwe san danje e yo ta dwe pwòp.

MIZAJOU/OPÒTINITE OU DWE KONNEN:

- Tout travayè nèt, rezidan san papye, H-2A, H-2B ak lòt travayè envite etranje yo ladan l tou, ka aplike pou yon lisans chofè nòminal nan **Depatman Eta New York pou Mwayen Transpò ki gen Motè**. Aplikan yo dwe bay dokiman ki pwouve laj yo, idantite yo ak kote yo abite, men yo pa oblije bay yon nimewo Sekirite Sosyal oswa prèv estati imigrasyon legal.
- Èske ou vle aprann oswa amelyore kapasite w nan Anglè? Si w vle, "**Cell-Ed**" ka ede. Pwogram Cell-Ed la bay aprantisaj Anglè sou selilè gratis pou travayè agrikòl.
- Si w blese pandan w nan travay la, tanpri fè patwon w konnen tousuit epi chèche jwenn swen medikal. Tanpri fè doktè w konnen ou te blese pandan w ap travay. Ou ta dwe depoze yon reklamasyon avèk Konpansasyon Travayè tousuit pou asire w dwa w yo pwoteje.

Pou w jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou dol.ny.gov/services-agricultural-workers oswa rele **877-466-9757**. Anplwaye ki pale de lang yo pare pou yo ede, men tanpri kite yon mesaj detaye si nou pa dekwoche.